



OFFICE OF THE COUNTY PROSECUTOR COUNTY OF MONMOUTH

132 JERSEYVILLE AVENUE
FREEHOLD, NJ 07728-2374

(732) 431-7160

MICHAEL J. WOJCIECHOWSKI
ACTING FIRST ASSISTANT PROSECUTOR

JOHN G. McCABE, JR.
ACTING CHIEF OF DETECTIVES

LORI LINSKEY

ACTING MONMOUTH COUNTY PROSECUTOR

Chè Pwopriyete Antrepriz/Manadjè nan Konte Monmouth,

Nou ta renmen pou w patisipe nan pwogram Safe Place nou an. Pwogram Safe Place la se yon kolaborasyon aktif ant depatman lapolis lokal ou, antrepriz yo, òganizasyon sosyal ak lekòl yo, ke yo kreye pou kominote yo vin yon kote ki gen plis sekirite pou moun viv. Aktyèlman la a n ap lanse yon pwòje pilòt pou nouvo inisyativ sa a nan Asbury Park, Long Branch ak Red Bank e nou pral entwodui pwogram nan byento nan tout konte a.

Patisipan Safe Place yo pral afiche yon viyèt ki endike etablisman yo a se yon "safe place" (kote ki san danje) pou nenpòt moun antre epi rele lapolis sizoka yo ta santi yo an danje. Inisyativ sa a kòmanse nan Seattle, Washington nan kad yon efò pou diminye sou kantite ensidan ki baze sou prejije ak sou kantite krim ki baze sou rayisman kont LGBTQ+ yo. Pwogram Safe Place nou an nan Konte Monmouth gen kòm objektif pou l asiste tout viktim krim ki baze sou rayisman yo oswa ensidan ki baze sou prejije ki enkli, men ki pa limite ak sa yo sèlman, ras, koulè, relijyon, sèks, andikap, oryantasyon seksyèl, ekspresyon oswa idantite seksyèl, orijin nasyonal oswa gwoup etnik. Nenpòt moun ki wè logo Safe Place la pral konnen ke etablisman ki afiche viyèt la pral ofri yon espas an tout sekirite pou yon moun ka rele 911 pou asistans, sizoka moun sa a ta santi li an danje.

Biwo Pwokirè Konte Monmouth la angaje l pou asire sekirite tout rezidan ak vizitè Konte Monmouth yo kont tout ensidan ki baze sou prejije ak krim ki baze sou rayisman. Safe Place transmèt yon mesaj bay viktim krim ki baze sou prejije ak krim ki baze sou rayisman yo, pou fè yo konnen ke antrepriz kote yo antre yo, ansanm avèk ofisye polis ki prezante pou mennen investigasyon an, pral trete yo avèk atansyon, diyite e ak respè. Kounye a, pwogram Safe Place la nan prèske 300 minisipalite nan peyi Etazini, Kanada, ak Ewòp. Antrepriz ki patisipe nan Pwogram Safe Place la se Starbucks, Bank of America, Wells Fargo, Chase, magazen T-Mobile yo ak MOD pizza, pami plizyè lòt.

Ki responsabilite mwen genyen pou m patisipe?

Li GRATIS pou patisipe nan Safe Place! Pri sa koute a se zewo pou biznis ou.

Byenke se yon konsèp volontè, gen responsabilite pou vin yon manm nan pwogram Safe Place nou an epi pou afiche viyèt nou an. Responsabilite sa a senp, li mande pou w fòme/edike estaf ou a pou yo fè de (2) bagay:

1. Si yon viktim nenpòt krim antre nan lokal ou yo, rele 911 imedyatman.
2. Pèmèt viktim nan pou l rete nan lokal ou jiskaske lapolis rive.

Si viktim nan ale anvan lapolis la rive, re-rele 911 epi ba yo yon deskripsyon fizik viktim nan ak/oswa sispè a (yo), direksyon yo fè, ak nenpòt blesi ou ka te obsève. Menm jan ak nenpòt sitiyaasyon dijans, estaf ou a dwe fè atansyon ak pran prekosyon nesèsè lè y ap bay viktim yon ensidan oswa krim ki baze sou prejije, refij an tout sekirite, se pou yo pran an konsiderasyon sekirite kliyan w yo, kòlèg travay ou yo, e se pou yo an konfòmite avèk règleman òganizasyonèl ki deja anplas yo.

Kijan mwen ka vini yon Patisipan MCPO SAFE PLACE?

Tou senpleman kontakte departman lapolis lokal ou a oswa Biwo Pwokirè a nan Konte Monmouth nan SafePlace@mcponj.org. Yon ofisye polis oswa yon detektif pral kontakte w pou diskite plis sou pwogram nan ak sou patisipasyon w.


Ki kote pou mwen mete Viyèt MCPO Safe Place la?

Ou dwe mete viyèt 4x6 pous la nan antre prensipal la, a yon distans 3-5 pye de atè a e yon kote ki byen vizib pou nenpòt moun k ap mache bò lokal ou yo, kapab wè li.

Pou plis enfòmasyon:

Tanpri kontakte departman lapolis lokal ou a oswa voye yon demann pou ransèyman nan SafePlace@mcponj.org.

Kòdyalman,



LORI LINSKEY
PWOKIRÈ PA ENTERIM NAN KONTE MONMOUTH

Anèks